



Leve epi LI Gid pou Patisipasyon Volontè

- * Patisipasyon ouvri pou elèv segondè a plen tan, nan Lekòl Leta Miami-Dade County, ane eskolè 6-12.
- * Pou kòmanse, elèv yo dwe enprime epi rasanble Paspò pou "Get Up and Read" nan paj Entènèt "Get Up and Read" nan.
- * Elèv yo dwe ranpli premye paj la epi tache yon foto ladan.
- * Lè elèv ki ap patisipe ayo asiste nan yon evènman

oubyen patisipe nan aktivite nan lekòl yo, se responsablite elèv yo pou pran e kenbe siyati ak so nan paspò yo.

- * Fò elèv yo prezan nan evènman yo pou yo ka jwenn so ak siyati nan men reprezantan yo deziyen nan Lekòl Leta Miami-Dade County ak patnè l yo.
- * Yo dwe afiche gid yo e aplike règ yo pou chak evènman konkou a.
- * Y ap mete aksan sou pri ak ankourajman pou chak konkou endividyèl.
- * Nan fen konkou a y ap bay pri pou chak konkou endividyèl.
- * Y ap chwazi gayan pou chak konkou nan chak kategori nivo ane eskolè:
 - * Lekòl Mwayen - Ane eskolè 6 - 8
 - * Lekòl Segondè - Ane Eskolè 9 - 12
- * Y ap bay pri nan pòt nan chak evènman ki ap fèt nan Barnes and Noble, sou Teren pou Jwèt, Teyat, ak lòt lokal magazen liv.

Nivo Pri pou Paspò yo

Pou yo kab genyen pri pou "Big Ticket" (Gwo Bijè) nan nivo k ap suiv yo, Elèv yo dwe genyen epi sèvi ak Kat pou Bibliyotèk Miami Dade County a.

Nivo Vwayaj	Obligatwa
<i>Nivo 1 – Trolley Travel</i> Tiraj Gran Pri pou patisipan: I-pod	Elèv la dwe patisipe nan konkou desine yon mayo "t-shirt" epi fini nèf lòt aktivite nan paspò a
<i>Nivo 2 - Cruise Creation</i> Tiraj Gran Pri pou Patisipan: PlayStation Portable (PSP)	Elèv la dwe patisipe nan konkou desine yon mayo "t-shirt", konkou disètasyon ak 8 lòt aktivite nan paspò a.
<i>Nivo 3 – Frequent Flyer</i> Tiraj Gran Pri pou Patisipan: Wii	Elèv la dwe patisipe nan konkou desine yon mayo "t-shirt", konkou disètasyon, desine yon liv ak sèt lòt aktivite nan paspò a
<i>Nivo 4 – Jet Express</i> Tiraj Gran Pri pou Patisipan: Odinatè	Elèv yo dwe patisipe nan konkou desine yon mayo "t-shirt", konkou disètasyon, desine yon liv, yon paj Entènèt ak sis lòt aktivite nan paspò a.

GRAN Pri sa yo ap ouvri pou tout patisipan ki kenbe epi retounen paspò yo. Kenbe zye w ouvri pou sa nou genyen sere pou plezi lekti nan Lekòl Leta Miami-Dade County! N ap fèmen ane lekòl sa a avèk aktivite final tiraj GRAN pri dènye semèn nan me 2008 la.